लड़कन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# अग्नि पुरुष

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus; Alastair Paterson

अनुकूलित: E. Frischbutter

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

सब कुछ इस्राएल की खातिर गन्दा लागत रहल। राजा अउर रानी परमेश्वर से नफरत करत रहलें। ई एगो गन्दा उदाहरण हअ! जल्दी ही लोग परमेश्वर से नफरत करल शुरू कर ...



...दिहलें अउर झूठ देवता क पूजा करे लगलें। का केहु परमेश्वर से पीयार कइले रहल? हँअ, कुछ अभी भी श्रद्धालु सच्चा भक्त रहलें। एक

...



...दिन उनमें से एगो की संगे परमेश्वर बात कइलें जिनकर नाम एलिय्याह रहल।



एलिय्याह दुष्ट राजा अहाब के ई बतवलन, इस्राएल क जीवित यहोवा ई कहत बाने, "कि हमरी वचन की अनुसार आवे वाला कुछ साल तक न बारिश होई अउर न ओस" ...



... एकर मतलब आकाल पड़ी। परमेश्वर उनकी प्रजा इस्राएल के ओ लोगन की दुष्टता की अनुसार चले ना दिहन।





राजा के चेतावनी दिहला की बाद, परमेश्वर एलिय्याह के देश की एगो एकांत जगह पर भेजलन। उहाँ एगो नाला की किनारे, एलिय्याह इंतजार करत रहलन।



परमेश्वर उनके खियावे की खातिर कउवन के भेजलन। उ सब, सुबह अउर शाम, रोटी अउर मांस लीयावल करते रहलें। अउर एलिय्याह ओ नाला से पानी पियल करत रहलन।



देश में बारिश ना भईला की कारन, जल्दी ही नाला सूख गइल। परमेश्धर क वचन सच होत रहल। पूरा देश में पानी क कमी रहल। फसल पैदा ना भइल।



लोग
बहुत
भूख से तराहे लगलन। शायद एलिय्याह भी
सोच में रहलन की अब उकर का होई काँहे से
की नाला क पानी सुख गोइलन रहल।



परमेश्वर एलिय्याह से कहलन, "उठअ, सारपत नगर के चल जा, अउर ओहिजा रही हअ। देखअ, हम तोहरी खातिर एगो बिधवा के आज्ञा देले बानी कि उ तोहार देख भाल करे।" परमेश्वर उनकरी दास की जरूरतन के जानत रहलन।



लेकिन, प्रदान करे क ई एगो अजीब तरीका रहल। विनम्रतापूर्वक, एलिय्याह परमेश्वर क बात मनलें। जब उ सारपत नगर पहुंचलन, बिधवा शहर की फाटक पर जरावे खातिर लकड़ी बीनत मिलली।

"कृपया हमरी खातिर एक कप पानी लिआवअ," एलिय्याह महिला से मंगलन। "कृपया हमरी खातिर रोटी क एगो निवाला भी लीआवअ।"उ बिधवा जवाब दिहली, "हमरी पास रोटी नेइखे।"



"एगो जार में तनकी सा तेल अउर घड़ा में एक मुठ्ठी भर आटा बा।" अफसोस से, महिला भविष्यद्वक्ता के बतवली, जब ई समाप्त हो जाई तब हम अउर हमार बेटा भूख से मर जायेके।



एलिय्याह कहलन, "मत डेराअ, पहिले हमरी खातिर एगो छोट रोटी बनाके दअ, अउर फिर, तू अपने अउर अपनी बेटा की खातिर कुछ करीहअ। जब तक यहोवा पृथ्वी पर बरखा ना भेजीहन" तब तक नअ तअ तोहार आटा अउर नअ ही तेल
खतम
होइ।



अइसन करे की खातिर परमेश्वर के एगो चमत्कार करे के पड़ी। अउर उ ई कइलें! महिला अउर उनकर बेटा बहुत दिन तक खात रहलें अउर ना अबो आटा ख़तम भइल अउर, ना ही तेल सूखल।



एलिय्याह उनकी साथ रहलन। एक दिन एगो दुःखद घटना घटल। बिधवा की बेटा क मउवत हो गइल ।



एलिय्याह ऊपरी कमरा में लइका की शव के ले गइलन।

उ यहोवा क दोहाई दिहलन "हे हमार परमेश्वर यहोवा हम प्रार्थना करत बानी, ए लड़का क आत्मा ओकरी में पास वापस आ जाव।" ई, एगो असंभव प्रार्थना रहल!



यहोवा एलिय्याह क प्रार्थना सुन लीहलन अउर लड़का की आत्मा के वापस उनकरी पास भेज दिहलन, अउर उ फिर से जीवित हो गइल।



एलिय्याह लड़का के लिहलन अउर उनकी माई के दे दिहलन। अब हम जान लिहले बानी कि "जेवन तोहरी मुंह से प्रभु क वचन निकलेला उ सब सत्य होला।"



तीन साल बाद, परमेश्वर, एलिय्याह के वापस राजा की पास भेजलन, "हम अब पृथ्वी पर बरखा भेजब।"



अहाब की पास जाईं? उनकर पत्नी ईज़ेबेल पहिले ही परमेश्वर की एकसौ भविष्यद्वक्ता लोगन क हत्या कर चुकल रहल।



एलिय्याह कवनो बहस ना कइलें। उ राजा अहाब की पास गइलन।



जब उ दूनों मिलले तब,
एलिय्याह अहाब के
चुनौती दिहलन कि
पूरा इस्राएल में से
ओ 850 झूठ
भविष्यद्वक्ता
लोगन के
इकट्ठा
करअ।



कर्मेल नाम की पर्वत पर, एलिय्याह लोगन से बात कइलन। "यदि यहोवा परमेश्वर हउवन, तअ उनकर अनुसरण करअ जा।"



एलिय्याह दू गो बैल बलिदान की खातिर तैयार कइलें रहलन। लेकिन ओ के कवनो आग से ना जरावे के रहल। उ कहलन "तू सब अपनी देवता की नाम के पुकारअ जा, अउर हम परमेश्वर की नाम के पुकारब।"



"अउर जेवन परमेश्वर आग से जबाब दिहन, उहे परमेश्वर होइहन।" ई सही बात करत बाने,"लोग जबाब दिहलें"।



झूठ भविष्यद्वक्ता लोग अपनी झूठ देवता के सुबह से शाम तक पुकारत रहलें।उ उछललन, नचलन अउर उ लोग लहूलुहान होखला तक चाकू से अपनी आप के चोट पहुँचावत रहलें।

लेकिन कवनों आग ना आइल।





फिर एलिय्याह
पानी से लकड़ी
अउर बलिदान
के पूरा तरह से
भीगा दिहलन,
अउर तब प्रार्थना
कइलें।



"हे परमेश्वर यहोवा, हमार प्रार्थना सुनीं ताकि ई लोग जाने की आप हीपरमेश्वर यहोवा हइं" ..."तब यहोवा क आग गिरल" उ बैल अउर लकड़ी के जला दीहलस। उ पत्थर क वेदी के भी जला दिहलस।



जब लोग ई देखलन, तब उ लोग चिल्लइलें, "ई प्रभु, ही परमेश्वर यहोवा हँउवन!" तब एलिय्याहकहलन, "बाल की सब भविष्यद्वक्तन के पकड़ ल जा।

उनमें से एगो भी भागे ना पावे!"



एलिय्याह उहे कइलें जेवन राजा अहाब के बहुत समय पहिले करल चाहत रहे। उ कहलन कि ए झूठ भविष्यद्वक्ता लोगन के मार डालअ जा।




तब परमेश्वर क एगो सेवक अहाब के बतवलस की बारिश आवे वाला बा।


जल्दी ही एगो छोट
बादरी देखाई दिहल।
घातक सूखा की बड़
अवधि (समय), की तीन साल
बाद? का बारिश होई?



थोड़ी देर में ही,
आकाश, बादल
अउर हवा की साथ
करिया हो गइल।
अउर एगो बहुत
भारी बारिश भइल।
परमेश्वर बारिश
भेजले रहलन।



परमेश्वर लोगन के दिखवलन कि एलिय्याह उन सबके सच बतावत रहलन। परमेश्वर ई देखवलन की खाली उहे सच्च परमेश्वर हउवें।



का आप सोचत हइं कि राजा अहाब परमेश्वर अउर उनकरी दास एलिय्याह के सम्मान दिहले होईहन? ना! वास्तव में ना, ईजेबेल, एलिय्याह के मारे क कोशिश कइली। लेकिन उ भाग गोइलन।



अंत में, अहाब क
लड़ाई में मौत हो गइल
अउर सेवक लोग
महल की एगो ऊँच
दीवार पर से ईजेबेल
के धक्का दे दिहलें। उ
नीचे एगो पत्थर पर
दुर्घटनाग्रस्त होके मर
गोइली।



एलिय्याह

क का भइल? एक दिन परमेश्वर आग की घोड़न की साथ एगो रथ के भेजलन; अउर एलिय्याह, ...



... अग्नि पुरुष, परमेश्वर क जन, एगो बवंडर में होके ऊपर स्वर्ग में चल गइलन।

# अग्नि पुरुष

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

1 राजा 17-19, 2 राजा 2

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हउअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँईं
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16